Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 29 (7273)
7 июль 2017 сон
Рузман
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

**АТК: терроризм, экстремизм**

## Балахьуни - Комиссиялъул данделъи



30 июналда Балахьуни росулъ тIобитIана терроризмалде данде чIеялъул Комиссиялъул хьвадулеб заседание. Гьенире ахIун рукIана учреждениял-организациязул нухмалъулел, росдал имам ва херазул Совет. Заседаниялда балагьана гьал хадусел суалазухъ: «РФялда ва РДялда 2013-2018 соназда терроризмалъул идеологиялде данде къеркьеялъе «Унсоколо район» МОялда гьабураб Комплекснияб план гIумроялде бахъинабиялъул хIасилазул», «Терроризмалъул идеологиялде гъоркье ккарал муниципалитеталъул гIадамазда гьоркьоб гьабулеб адреснияб гун профилактикияб хIалтIул», «Лъай кьеялъулгун культуриял учреждениязда терроризмалъул идеологиялде данде хIалтIи гьабиялъул, гьезда гьоркьоб спортивиялгун профилактикиял хIалтIаби гьариялъул», «НВФялъул разыскаялда вугев член Шарипов Ильяс Расулович жиндирго гIайиб бичIчIун кверде вачIинавиялъул», гьединго «2017 соналда Унсоколо районалъул территориялда «Защита» ва «Оружие – выкуп» оперативиялгун профилактикиял операциял тIоритIиялъул».

(Ахир 2 гьумералда)

## Ахбазан барщун буго



ТIабигIаталъ рохизаруна гьаб соналда районалъул гIадамал гьайбатал пихъазул бачIиналдалъун. Арал соназда ихдалил заманалда данде кколарел амоналиял цIорояз пихъал хвана. Исана абуни районалъул росдал магIишаталъул отделалъул нухмалъулев Ж. Якъубовасул рагIабазда рекъон тIадегIанаб бачIин щолеб буго пурчIун бугел пихъазул. Гьеб бахунеб буго 300-400 центнер хIисаб гьабун гектаралдаса. ГьабсагIаталда тIад бан унеб буго бачIин бакIари. 10 % ахбазаналъул гIаммаб къадар кьолеб буго КIикIуни консервазул заводалде. Генуб, Зирани росабалъа 15-20 % бачIиналъул Дагъистаналъул территориялда бича-хисулеб буго, гьеб босун унеб буго республика тун къватIибехунги.

(Ахир 2 гьумералда)

## Ансадерил махщелазул выставка

(29 июналда МахIачхъалаялда рагьана ансадерил махщалил выставка)

Араб анкьалда, ай 29 июналда МахIачхъалаялда халкъиял промыслабазул централда «Жемчужина района» абураб цIаралда гъоркь тIобитIана ансадерил устарзабазул тIагIелазул выставка. Гьеб гIуцIараллъун цере рахъана РДялъул туризмалъул ва халкъиябгун художественниял промыслабазул министерство ва «Унсоколо район» МО. Выставка тIобитIана Дагъистаналъул цIар рагIарал лъугьа-бахъинал, ай имам Шамиль гьавун 220 сон тIубай, МахIач Дахадаев гьавун 135 сон тIубай ва Порт-Петровск МахIачхъалалъун гьабун 95 сон тIубаялъул тарихиял датабазда бухьинабун.

Выставка рагьана РДялъул туризмалъул ва халкъиял промыслабазул министрасул зам. ХI. ГъазимухIамадовас. Гьевги выставка гIуцIаразул аслиявлъун вукIана. Жиндирго кIалъаялда гьес бихьизабуна гьадин: «Жакъа ансадерица жидерго умумазул махщел мустахIикъаб куцалда цебехун бачунеб бугин. Махщалил бугеб хIакъалъухъ балагьараб мехалъ бихьулеб буго гьеб цебетIеялъе ресал рукIин. ЦIунун буго гIелаз гIелазухъе кьей, ансадерил халкъиябгун гIадатияб искусствалъул цебе букIараб хIал. МахщелчагIи рукIаго искусство чIаго букIине буго»,-ян абуна гьес.

Гьединго тадбиралда кIалъана «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадов: - Ансадерил гьайбатаб махщелалъул гьадинаб кIвар бугеб тадбиралда гIахьаллъизе щвеялъ дун вохарав вугин бихьизабуна гьес. – Ансадерил махщел, гьезул тIагIелал районалъе ва тIолабго Дагъистаналъего чIухIилъун буго. Амма гьабсагIаталда ТIолгодунялалдаго цIар ун букIараб фабрика цIунун гьечIо. Гьебги гьелъул тIагIелалги дунялалдаго машгьурал рукIана. Дие цIакъ бокьилаан ремесло тIубанго тIагIинчIого букIине, бокьилаан гьаб выставкаялъ гьеб цебетIезабизе толчок кьуни,-ян лъугIизабуна бетIерас кIалъай.

Гьелгурелги выставкарагьиялда кIалъана «Музей-заповедник этнографическияб комплексалъул «Дагестанский аул» ГБУялъул директор З. Сулейманова, Дагъистаналъул гIелмабазул миллияб Академиялъул (НАНФ) президент ХI. Бучаев, РДялъул хъвадарухъабазул Союзалъул Правлениялъул пред. М. АхIмадов ва цогидалги. Выставкаялда гьединго гIахьаллъана РДялъул Халкъияб Собраниялъул депутат М. МухIамадов, край лъазабулев ХI. Ибрагьимов, районалъул культураялъул отделалъул нач. ГI. ГIабдулаев, росабазул бутIрул, райадминистрациялъул хIалтIухъаби.



Экспозициялда рихьизаруна 200 ялдаса цIикIкIун ансадерил махщелчагIазул тIагIелал. Гьенибго балагьизе рачIаразе бихьизабуна тIагIелал



хIадуриялъул мастер-класс. Гьеб гьабулеб куцалъ хIайран гьаруна гьенире рачIарал.

Хадуб культураялъул отделалъ бихьизабуна концерталъулаб программаги. Цере рахъана «Унцукуль» фольклорнияб ансамбль, балагьарал рази гьаруна ТI. ГIумаровасул, М-ХI. ХIадисовасул, Р. Закаригаевалъул церерахъиназ.

(Ахир 2 гьумералда)

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 29 (7173)*
*7 июль 2017 сон*



*ГIумро халатазул тIоцебесеб тройкаялда гьокьобе ккана Дагъистан. Киназдасаго халатаб гIумро буго Ингушетиялъул гIадамазул. Дагъистан ккана кIиабилеб бакIалде. Гьениб гьоркьохъеб къагIидаялъ гIумро бахунеб буго 77 соналде, амма бихьиназдаса руччаби Iо ялде гIагарун соназ гIумро халатал руго.*



# Ансадерил махщелалъул выставка




Гьенибго бихьизабизе бокьун буго Унсоколо росу цебегоялдаса нахъе дунялалдаго машгьураб буго цIулада накъищал рекьиялъул махщалидалъун. Живго Расул ХIамзатовас гьезул махщалихьги валагьун хьвана: «абула дир халкъалъул жиндирго гьарикванай бихьизабулеб цониги бакъан гьечIин. Ансадерил тIагIелазулъ балагьидал щивасе асар гьабула аваразул унгоунгояб гIарцулаб кьералъул, хIасратаб шавкъалъул бакъаналъ»,-ян.

Гьеб гьайбатаб ва хIикматаб искусствалъул, гьелъул махщелчагIазул хIакъалъулъ руго гIемерал т1ахьал, макъалаби, интервьюял, рахъун руго гIемерал фильмал. Гьеб искусствалъул махщелчагIазул гIемерал хIалтIаби, экспонатал, улкаялда ва гьеб бахун къватIирехун арал рикIкIен гIемерал выставкабазул, фестивалазул материалал нахъе цIунун руго.

Дагъистаналда гьадинаб выставка тIобитIулеб буго тIоцебе ва I0 июлалда щвезегIан халат бахъине буго гьеб.

# 1 июлалдаса нахъе Россиялда МРОТ цIикIкIана

Минимальнияб размер оплаты труда (МРОТ) «О минимальной размере оплаты труда» законалда рекъон 300 гъурущалъ цIикIкIана. Гьанже гьеб бахана 7800 гъурущалде. Гьеб ккола хIалтIул норма тIубазабурав хIалтIухьанасе работодателас гьелдаса гьоркье ккечIого харж чIезабиялъе бихьизабураб норма.



МРОТ хIалтIизабула гьединго больничниялъул, (унтаразе, лъимер гьабизе) ва цогидалги мурадазе, тIадаб социалияб страхование гьабиялъе. МРОТалда рекъон хIисабалде босула предпринимателазул пенсионнияб страхованиялъул фондги.

2000 соналда РФялъул Президент В. Путиница гъулбас гьабуна «О минимальном размере оплаты труда» законалда, МРОТ цIикIкIана I32 гъурущалъ, гьедин дагь-дагькккун бахунаго жакъа кьоялде гьеб бахун буго 7800 гъурущалде.

РФялъул захIматалъул ва социалияб рахъалъ гIадамал цIуниялъул министрасул зам. Л. Ельцовалъул рагIабазда рекъон 20I7 соналъ 300 гъурущалъ МРОТ цIикIкIиналъ тIадеги хIажалъула 502 млрд. гъурущ гIицIго бюджеталъулал хIалтIухьабазе кьезе. Россиялда МРОТалда рекъон мухь щолеб буго 5 миллионалде гIагарун чиясе.

### Продлена регистрация на Северо-Кавказский форум «Машук – 2017»

Регистрация на Северо-Кавказский форум «Машук – 2017», который пройдет с 5 по 19 августа в Пятигорске, продлена до 5 июля, сообщили РИА «Дагестан» в министерстве по делам молодежи РД.

Как отметили в ведомстве, количество заявок от Дагестана на данный момент уже превышает размер выделенной на регион квоты, но по многочисленным просьбам было решено продлить регистрацию. Напомним, от региона на «Машук – 2017» отправится делегация в 360 человек.

Регистрацию на форум можно пройти через АИС «Молодежь России» https://ais.fadm.gov.ru/. Конечный состав дагестанской делегации определит итоговый республиканский предмашук, на котором региональные эксперты рассмотрят проекты молодых людей. У авторов лучших идей появится возможность получить финансовую поддержку в размере 100, 200 и 300 тыс. рублей для физических лиц, а также до 2,5 млн рублей для НКО. В 2016 году участники форума «Машук – 2016» из числа дагестанской молодежи выиграли гранты на сумму более 18 млн рублей.

Отметим, что всего в форуме примут участие 2000 молодых людей со всех республик СКФО. Участники будут разделены на две смены: «Развитие территории: экология региона» и «Развитие территории: экология общества».

**АТК: терроризм, экстремизм**

# Балахьуни - Комиссиялъул данделъи



Хьвадулеб заседаниялъе нухмалъи гьабун нухда гьеб бачана «Унсоколо район» МОялъул Терроризмалде данде чIеялъул Комиссиялъул пред. ГI. НурмухIамадовас. Гьес данделъаразда кьокьго бицана терроризмалде данде чIеялъул мурадалда районазда гьарурал хIалтIабазул, киналъего кьуна кьокьаб характеристика. ТIоцебесеб ва кIиабилеб суалаздасан кIалъазе вахьана общественнияб хIинкъи гьечIолъиялъул рахъалъ бетIерасул зам. М. ХIамзатов. Гьес чIванкъотIараб къимат кьуна терроризм лъугIизабиялда хурхун гьарурал хIалтIабазе, рихьизаруна цере чIарал масъалаби.

Лъабабилеб суалалдасан кIалъана лъай кьеялъул ва культураялъул отделазул нухмалъулел, гьез бицана гьабулеб ва гьабизе цебе чIун бугеб хIалтIул.

Ункъабилеб суалалдасан кIалъана республикаялъул бетIерасул кумекчи, РДялъул мугIрузул районазул антитеррористическияб Комиссиялъул вакил С. Сайпов. Гьес данделъиялда Балахьуни росдал активалда бицана Шарипов Ильяс Расуловичасул жеги рес бугин лъимал бесдал хутIичIого рукIинелъун ккараб гIайибалъеги мукIурлъун кверде вачIине,-абун.

Щуабилеб суалалдасан кIалъана Россиялъул МВДялъул Унсоколо районалда бугеб отделалъул начальник М. МухIамадов, лъазаруна щивав районалъул гIумро гьабулесда лъазабизе кколин «Оружие-выкуп» операция тIобитIулеб букIин,-абун.

Гьоркьор лъурал суалаздасан тIасан кIалъана «сельсовет Балаханский» МОялъул бетIер У. НурмухIамадов, ДЮСШялъул директор А. МухIамадов, Балахьуни росдал херазул Советалъул член М-ХI. Якъубов.

Ахиралда терроризмалде данде чIеялъул Комиссиялъул председателас ахIана терроризмалъул хутIелазде данде къеркьезе.

# Ахбазаналъул (курак) пайда

Куракудалъун, ай ахбазаналдалъун кидаго цIар араб букIана Унсоколо район. Гьеб югалъулаб пихьил пайдаялъул хIакъалъулъ цебегоялдаса лъикI лъала магIарулазда. Бакъвараб куракудалъ буго гIураб къадаралда чакар ва клетчатка. Гьелда гьорлъ букIуна крахмалал, жирал, белокал ва кислотаби. Витаминазул бищунго курак бечедаб буго бета-каратиналдалъун ва С витаминалдалъун, микро ва макроэлементаздалъун – калиялдалъун, натриялдалъун, магниялдалъун, кальциялдалъун, сералдалъун, кремниялдалъун, фосфоралдалъун.



ЦIикIкIараб къадар клетчатка букIиналъ бакъвазабураб курак хIалтIизабула бакьазул хIалтIи лъикIлъизабиялъе. Куракул гьотIол хIохьодасан бецIцIулеб смол (камедь) медицинаялда хIалтIизабула хьегIи лъугIизабизе, гьорораб бакI чучизабиялъе.

Ахбазаналъул пурчIун халкьияб медицинаялъ хIалтIизабула хьегIи лъугIизабиялъе ва хIухьел цIалел органал сах гьариялъе. Цо-цо врачаз рикIкIуна куракудал пурчIуналъулъ ругел веществабаз желудокалъул язва, ракцин сах гьабизе бегьулин. ПурчIуналъул гьабула урбеч. Пайдаял жал гьелъульги ахбазаналдаса нахъе ккарал гьечIо. Хасало куракул чIагIдал гьабизе бегьула каша. Гьелъ квачалъул унтаби сах гьарула. Ахбазаналъул гьарула компотал, вареньял, джемал. Куракудал цIулал гьарула халкьиял духовиял инструментал.

# Ахбазан барщун буго

Генуб, Майданскиялда, ГьаракIуни, Шамильхъалаялда, ГIашилтIа, Унсоколо росабалъ гIуцIун руго заманаялъулал базарал, ахбазан босизе гIадамал рачIуна гьенире. Гьениб хIалтIи гIуцIун буго гIадамазул пихьал хвелаpедухъ, бичулеб буго бакIалдасанго. Гьединго районалъул пихьал гIезарулезе кумекалъе бетIер ГI. НурмухIамадовасул кумекалдалъун МахIачхъалаялъул базаралда бакI чIезабун буго ахбазан бичиялъе, гьелъие жавабиявги вихьизавун вуго.

Ахбазан буго цIар араб магIамаб пихь. Гьеб бичизе битIула цогидал Россиялъулал базараздеги. Гьедин Казаналде ана районалдаса пихьазул машинаби. Ж. Якъубовасул рагIабазда рекъон исана ахбазан буго качественнияб. Гьеб бакIари унеб буго жигаралда. ХIаракаталда хIалтIулел руго гIадамал.

**Ахихъан**

*Районалъул газета*

*№ 29 (7173)*

*7 июль 2017 сон*

3 гъумер

Ярагъ борчанщинав бахIарчи кколищ?
Чу кьолоравщинав чотIахъан кколищ?
Къалам кодоб ккунин шагIир вахъунищ?
Хъваралщинал кучIдузул керен бухIулищ?

ГIарац гIемерлъидал гIамал хисичIев
ХутIила гIаданлъун гIадамазда гьорлъ.
ГIакъуба цIикIкIиндал жив зигардичIев
Загьирлъила чилъун чагIазда гьоркьов.

***МахIмуд АПАНДИ***



Тарих

# ГIашилтIаса генерал

Бечедаб тарих буго нилъер Унсоколо районалъул. Хасго гьеб бечед гьабула нилъер баракатаб ракьалда рижарал, Дагъистаналъул ва Россиялъулго тарихалда цо хасаб бакI ккурал, бахIарчиял рагъул церехъабаз. Руго гьел рагъул церехъабазда гьоркьор жидее бищун тIадегIанаб, генераласул чин щварал церехъабиги. Гьединал бахIарзазда гьоркьоб бищун цебе жиндир цIар хъвазе мустахIикъав вуго генералисимусс чин щварав, Дагъистаналъул лъабабилев имам, Генуб росулъа Шамиль. Шамилил бищун кIудияв вас Жамалудин вукIана Россиялъул пачаясул армиялъул штабс-капитан. КIиабилев вас – ГъазимухIамад вахъана Турциялъул армиялъул командирлъун ва гьесие кьун букIана маршаласул цIар. Имам Шамилил бищун гьитIинав вас МухIамадкамилги гIумроялъ Турциялда армиялда хъулухъ гьабулев вукIана ва гьесиеги щвана генераласул чин. Имам Шамилил лъабабилев вас – МухIамадшапи къисматалъ хутIана Россиялда пачаясул ариялда хъулухъ гьабулев ва гьесие щвана Россиялъул пачаясул армиялъул генераласул чин.

Дие кIудияб рохеллъун букIана тарихалъул тIанчал регулаго цойги нилъер ракьалъул мустахIикъав вас, рагъул цевехъан, ГIашилтIаса генерал-майор Абубакар Малачихановасул цIар ва гьесул рагъулаб бахIарчилъиялъул къисмат лъай. ГIашилтIа росу ккола имам Шамилил эбел, Бахумеседол ВатIан. ГIашилтIа росулъ вахъана I8-абилеб гIасруялда Дагъистаналдаго цIар рагIарав бодул цевехъан - Гъази. ГIашилтIа вахъана гьединго цIар рагIарав исламалъул гIалим ва кIудияв устар КъурбангIали. ГIашилтIа росдал бахIарчилъи Дагъистаналдаго бихьана АхIулгохIда сверун ккарал рагъазда. Дие бицен гьабизе бокьарав ГIашилтIаса генерал-майор Абубакар Малачихановасул къисматги бухьараб букIана АхIул гохIалъул къисматалда. Щайгурелъул I839 соналъ август моцIалда АхIулгохI цIунун имам Шамилида цадахъ бахIарчиго рагъана ГIашилтIаса гIемерал бахIарзал. АхIулгохIда рагъда пачаясул армиялъул асирлъуде ккана 700 чи. Гьезда гьорлъ рукIана гIемерал лъималги, руччабиги, хералги. Абубакарил эмен Нуричул МухIамад гьеб заманалда вукIун вуго 3 сон барав чи ва гьевги ккун вуго асирлъуде. Гьев Нуричул МухIамад 9 сон базегIан гIун вуго Россиялда князь Оболенскиясул хьизаналда. Хадув гьев школаги лъугIизабун цIалун вуго рагъулаб училищеялда. Гьелдаса хадуб Нуричул МухIамад тIамун вуго Россиялъул императорасул хасаб гвардиялъул эскадроналъул офицерлъун. Капитанасул чинги щун I880-абилеб соналъ Нуричул МухIамад Дагъистаналде тIад вуссана ва гьев рагъулаб хъулухъалде тIамуна Дагъистаналъул губернаторасул нухмалъиялда гьоркь гIуцIараб магIарулазул милициялде. ВатIаналде тIад вуссаравго Нуричул МухIамадица хьизан гьабуна ва гьес лъадигун цадахъ тарбия-лъай кьун гIезаруна щуго лъимер. Нуричул МухIамадил лъималазул цояв, Абубакар гьавуна I883 соналъул I7 августалда. Гьез гIумро гьабулеб букIана Дагъистаналъул тахшагьар Темирхан-Шураялда. Гьенибго байбихьул школаги лъугIизабун, Абубакар хадув цIалана Баку шагьаралда реалияб училищеялда. ТIокIлъиялда реалияб училищеялда цIалиги лъугIизабун, Абубакар цIализе лъугьана Москваялда тIадегIанаб рагъулаб училищеялде. Гьениб цIалиги лъугIизабун Абубакар Малачиханов I903 абилеб соналъ мустахIикълъана офицерасул чиналъе. Рагъулаб хъулухъ гьабизе гьев витIула подпоручикасул чиналда Дербенталъул I54-абилеб пехотаялъул



полкалде. Тифлисалъул генерал-губернатор Макъсуд ГIалихановасул гьариялда рекъон I905-I906 соназ Абубакар Малачиханов витIула Тифлисалде рагъулаб хъулухъ гьабизе. Гьел сонал рукIана Россиялъул империялдаго тIоцебесеб революциялъул багъа-бачари байбихьарал сонал. Гьединлъидал Абубакар Малачиханов божарав чи хIисабалда генерал Макъсуд ГIалихановас жиндаго аскIове вачун вукIана живго цIунизе. I907 соналда Абубакар Малачиханов тIад вуссана Дербенталъул I54 абилеб полкалде гьев тIамун вукIана тIоцебесеб ротаялъул командирлъун. I908 соналъул 8 январалъ Абубакар рагъулаб хъулухъ гьабизе витIана цIакъго рикIкIаде – Дальный Востокалде. Приморский краялъул Уссурийск шагьаралда букIана Сибиралъул кIиабилев квагьдохъабазул полк. Капитан Абубакар Малачиханов тIамуна I0 ротаялъул командирлъун. Абубакарил бажариги ва гьунарги бихьун, заманго инчIого гьев тIамуна гьеб полкалъул разведкаялъул начальниклъун. КIиго соналъ рагъулаб разведкаялда гьабураб ракI бацIцIадаб рагъулаб хъулухъалъе гIоло ва бихьизабураб бахIарчилъиялъе гIоло Абубакар мустахIикълъана Святославил цIаралда бугеб рагъулаб орденалъе. Абубакарие гьеб тIадегIанаб рагъулаб шапакъат кьолаго гьесул командирас хъвалеб буго: капитан Абубакар Малачиханов бахIарчияв, хIинкъи гьечIев ва лъикIаб гIакълу-лъай бугев рагъулав офицер вугилан.

Абубакар Малачихановас гIахьаллъи гьабуна ТIоцебесеб дунялалъул рагъулъги. Россиялъул пачаясул Сибиралъул тIоцебесеб армиялъул корпусалда цадахъ Абубакар витIана бакътIерхьуде рагъулаб театралде ва гIахьаллъи гьабуна Польшаялъул ракьалда немцазулгун букIараб тунка-хIусиялда. РекIаразул рагъулаб разведчиказул отрядалъул командирасул хъулухъалда Абубакарица бихьизабуна жиндирго бахIарчилъи ва гьунар. Гьел рагъазулъ Абубакар мустахIикълъана цо чанго рагъулал шапакъатазе. I9I5 - I9I6 соназ Польшаялъул ракьалда гIурус армиялда гьорлъ Сибиралъул I-абилеб корпусалъ бихьизабуна кIудияб бахIарчилъи. Живго Абубакар Малачихановасе щвана цо чанго рагъулаб орден, гьезда гьорлъ Святой Аннял цIаралда бугеб 4,3 ва 2 даражаялъул орденал. Абубакар Малачихановасул цIар хьван буго жакъаги Москвалда Кремлялъул Георгийил цIаралда бугеб залалда Россиялъул тарихалда рахьарал Георгийил цIаралда бугеб залалда, Георгийил ункъабго даражаялъул орденал щварал рагъул бахIарзазда гьорлъ.

I9I7 абилеб соналъ Россиялъул халкъалъ пача тIаса рехана. Байбихьана гурхIел гьечIеб гражд官 рагъ. Гьеб захIматаб заманалда Абубакар Малачиханов хисардичIо ва жинцаго пачаясе бараб гьаялъе хилиплъичIо. Кьокьго абуни Абубакар Малачиханов хьахIаб армиялдаго чIана ва жинцаго хъулухъ гьабулеб букIараб Сибиралъул полкалда цадахъ Дальный Востокалде ана. Граждан рагъул соназ Сибиралда ва Дальный Востокалда кверщел гьабулеб букIана адмирал Колчакил хьахIаб армиялъ. Колчакил буюрухъалда рекъон атаман Семенов тIамун вукIана Дальный Востокалъул ракьалда рагъулав ва гражданияб властальул бетIерлъиялде. Абубакар Малачихановас жигараб гIахьаллъи гьабулеб букIана атаман Семеновасул нухмалъиялда гьоркь Дальный Востокалда цIияб Советияб властальде данде чIун. Гьел соназ Абубакар Малачиханов атаман Семеновас тIамуна Манчжуриялда букIараб гIурус армиялъул полкалъул командирлъун. I9I9 абилеб соналъ Дальный Востокалда ва Забайкалялда Советияб властальде данде чIараб къуват букIана гIицIго атаман Семеновасул нухмалъиялда гьоркь рукIарал аскарал. Гьел граждан рагъул соназ атаман Семенов вукIана Манчжуриялъул ракьалда вукIарав хIакъикъияв хвафаинлъун. Атаман Семеновасул ихтияр букIана жиндирго нухмалъиялда гьоркь ругел бахIарчиял офицерзабазе ва солдатазе рагъулал шапакъатал ва чинал кьезеги. Атаман Семеновас генераласул чин кьун буго 35 кIудияв офицерзабазе. Гьезда гьорлъ генерал-майорасул цIар кьуна ГIашилтIаса бахIарчи Абубакар Малачихановасеги. ТIоцебесеб дунялалъул рагъулъ ва граждан рагъул соназ бихьизабураб бахIарчилъиялъе гIоло ва жинцаго тIоцебе кьураб рагъулаб гьаялъе хилиплъичIолъиялъе гIоло ва Георгийил тIубарав кавалер вукIинги хIисабалде босун, Абубакар Малачиханов цевего мустахIикъав вукIана тIадегIанаб генераласул чиналъе. I9I8 соналъул 28 июналда Забайкалиялда Мациевская абураб маххул нухлул станциялда БагIараб армиялъулгун ккараб рагъулал тунка-хIусиязда бахIарчиго хвана Манчжуриялъул пехотаялъул полкалъул комадир Абубакар Малачиханов. Амма Абубакар хвеладе цебего I9I7 соналъул I7 августалда атаман Семеновас гъулбасун букIана гьесие генерал-майорасул чин кьезе. Унсоколо районалъул ГIашилтIа росулъа генерал-майор Абубакар Малачиханов вукIана бахIарчияв инсан, гьев хилиплъичIо ватIаналъе, жинцаго бараб рагъулаб гьаялъе. Гьев абадиялъго хутIана рикIкIадаб Забайкалиялъул ракьалда. ГIашилтIа росдал жамагIаталъе, жиндирго гIагарлъиялъе ва ракьцоял дагъистаниязе гьес ирсалъе нахъа тана жиндирго бахIарчияб нух. Биччанте гIун бачIунеб гIелалъе генерал Абубакар Малачихановасул гIумро ва гьесул бахIарчиял ишал мисаллъун рукIине.

**ХIажи ИБРАГЬИМОВ.**
**Краевед.**
**Унсоколо росу**

## *Пачаяс Хунзахъ сордо бана*

I46 соналъ цеве, I87I соналъул хаслихъе Россиялъул император Александр II Дагъистаналде вачIун вукIана. Пача тIад рекIараб «КIудияв Гиназ Константин» гама Порт-Петровскиялде бачIана 6 сентябралда. Хадусеб къоялъ гьев вачIана Дагъистан областалъул централде – Темир-Хан-Шура шагьаралде. Сапаралъул аслияб мурад букIана Гъуниве щвей. Гъуниб хъаладухъ рештIун хадув, чода рекIун вахана Гъуниб магIарде.

I2 сентябралда радал пачаги цадахъ рукIаралги Гъуниса кьватIире рахъана. Чуязда рекIун рачIунаго щвана къородисезул БецIкъварилъухъе. Къурулъ чIварал цIулал магIаздасан нохъодеги вахун, гIалхул наязул гьоцIо бахъизе ругьунлъарав къородисес борхалъудасанго салам кьуна пачаясе. Гъоркье рештIун, гьес пачаясе сайгъаталъе гьоцIо кьуна. Къурул нохъоялъул найихъанасе гьелъухъ щвана кIудияв императорасул «списибо» ва I0 гъурущ гIарац.

Цинги къородесезул кьотIасан пайтоналда рекIун Хунзахье вахана ва гьениб хъалаялъуб сордо базе рештIана. Хадусеб къоялъ Харахьисан, Кьохъан, Мунисан Болъихъе ана.

I4 сентябралда, Дагъистаналда бараб ахирисеб къоялда, пача Болъихъа ТIандове ана ва гIандадерил хIорил рагIалдасан чачаназул ракьалде лъугьана.

**М. КАГЬИМОВ.**



Нужеда рагIун букIанищ?

# «ЧIагояб» матIуялъул балъголъаби

***(МатIуялда жанир рукIуна гьелда жанире ралагьаразул рухIал. Гьениве валагьарав чи ццидалав вугони – матIуялъ рокъобе балагь босун бачIине бегьула)***

**(Халкъияб аби)**

МатIуялда рухьарал руго нусго, азарго божизе захIматал харбал. Испаниялъулаз рикIкIуна гьитIинаб лъимада тIад битIун матIу бани, гьелъ гьел квешаб бералдаса цIунулин. Индиялъулаз, таджиказул ва персазул гIадатазда рекъонги бахIаравги бахIарайги цо матIуялъуре ралагьани кIиязулго ригьин щулияб букIине бугилан аби буго.

Харбазда рекъон некIсиял матIабазулъ гьелда жанире ралагьаразул рухIал цIунун хутIулел руго. Абула ццидалав чиясул отражение яги гьелда цебе гьабураб чIвай-хъвей гьениб цIунулин. Харбазда рекъон гьединал матIаби рикIкIуна цIороралъун, гьезда цере суна свечаби, гьелъ рукъалъул чагIазде балагь бачIинеги бегьула.

МатIуялдасан квешлъиги гьабизе кIолеб буго. Дуе квешлъи бокьун дур матIуялъуве чи валагьани, квешлъи лъугьунеб буго. Гьединго гьабулеб квешаб жо хвезабизеги кIолеб буго матIуялъусан. Гьединлъидал цIороpаб лъеца гIемер чуризе лъикIаблъун бихьизабулеб буго рокъоб бугеб матIу.

Нилъер церегосел умумал божулаан лъикIабщинабги ракIалда ккун матIуялъуре ралагьани, мурадал тIуралин абураб хабаралда. Абула мутIуялъуб бугеб дур двойникас гьеб мурад тIубаялъе квербакъулилан.

Рукъоса къватIире рахъиналде матIуялъуреги ралагьун пикрабалъ матIуялъул двойникасда гьаре доб дунялалда бугеб дурго двойникасда мун рокъов гьечIеб заманалда гьеб цIунеян. Гьеб хIажалъула мун гьечIеб заманалда гьелда тIад доб дунялалъул кинаб букIаниги асар лъугьунгутIиялъе, матIуялъулав двойникас



цIунула дур рукъ-бакI ракьангурел, рихьуларел пришельцаздаса ва рухIаздаса, гьев ккола дур рукъалъул къуват цIунулев хьаравул.

*Сахлъи*

# Гормоназул хIакъалъулъ

*(Гормоназул къадаралда бараб буго нилъер сахлъи, макъу, аппетит, рухIияб къуват, интеллектцин)*

**Соматотропин.** Гьелъ жаваб кьола чорхолъа къаралъи инабиялъе, ччорбазул тонус ва суставазул щулалъиялъул. Гьеб гIолеб гьечIони ччорбал лъугьуна речIарал, чIемегIал. ХIажалъула: витамин С, жировиял кислотаби (сельд, тунец, скумбрия, ччугIа, гьелъул жир), белкаби (индейка, гIанкIу, пулав, соя, багIаргъоло).

**Окситоцин.** Гьелъул кумекалдалъун нилъеда лъала рокьул асар, гьеб гIолеб гьечIони цIикIкIуна чIалгIен, хIалхьи гьечIолъи. Кумек гьабула шоколадалъ, бананаз, авокадаялъ ва рижулел продуктабаз (спаржа, кабачкаби, патиссонал, сельдерей).

**Тироксин.** Гьеб гьабула щитовидкаялъ. ЦIикIкIун ккеялъ рачуна тIеренлъиялде, гIунгутIиялъ къаралъиялде. Гьеб гIолеб гьечIони букIуна макъуцунгутIи, хIажалъула йод. Кваназе ккола ралъдал капуста, ралъдал продуктаби.

**Ренин.** Гьеб лъугьуна почкабазда жаниб. Хъаравуллъи ккола сосудазул тонусалда хадуб. Гьезул хиса-баси букIиналъе гIилла ккола почкаби унтун рукIин, водно-солевияб обменалъул хасияталъулъ хиса-баси букIин. Ренин нормаялда букIине ккани, цIам дагьго квине ккола, дагь гьабизе ккола бухIулеб, копчёные ва газ бугел лъинал.

**Норадреналин**. Подпочечникалда тIад букIуна. ЦIунула стрессалдаса, иммунитет чIезабула, спазмаби рахъула. Гьеб гIураб къадаралда букIине хIалтIизаре йогурт, кванай морковалъул салатал рижулел жалазул нахгун.

**Тестостерин**. Гьеб гIолеб гьечIони бихьинал рукIуна ццим бахъунел, потенция гIодобе ккола, гIодобе ккола организмалъул тонусги. Гьеб гIолеб къадаралда чIезабизе кумек гьабула цинк гьоpлъ бугел продуктабаз. (крабал, устрицаби, мидин, хъабахъалъул хьон).

**Эстроген.** Гьеб лъугьуна руччабазул яичниказда жаниб, бихьиназул семениказда жаниб. Гьелъул кумекалдалъун рукIалиде ккола клеткаби, сосудазул цIунула цIилъи. Гьелъие хIажалъула витамин Е (рижулел жалазул нах, злаказул, бобазул), К (шпинат, хъабахъ, хIайваналъул тIул, тIогьилал ханал) $B_9$ (петрушка, капуста).

## Дозул доба кин бугеб?

Немцал кутакалда хIинкъула чIегIераб катикьа, гьеб цебесан бекерун ани унго-унгояв немцас кваранаб гIиналъул мочкаби ккун бигьа гьабун дугIа цIалула. Немцаз дугIа цIалула гьеду ахIдолеб рагIаниги, талихI къиналде хIадурлъула, дугIа цIалула милъирщабаз жидерго тIохда бусен щущаниги.

* * *

Америкаялда тIубанго божула доб дунялалда букIунелда ва цере жал тIамиялда. Бокьарав америкаялъулас священник ахIуларо кинаб бугониги цебетIами рокъоб ккани, бихьаралда рекъезабун, гьоркьоблъи гьабун бачуна гIумро

* * *

Суевериялъ итальянцал тIамула жиндирго харжалъул цIикIкIарисеб бутIа ва заман гороскопалъе, хIаязе, лотоялъе, бальго жо бицунезда, пал тIамулезда тIад хвезабизе. Гьел гIакълуялдаса ун хIинкъула «13» ва «17» рикIкIеназдаса. Аби буго гьел къояз бачIунин талихIкъвин,- абун.

* * *

Япониялда лъабго тIегь цадахъ бугеб тIегь сайгъаталъе кьей ккола цIакъ лъикIаб гьечIеб гIаламат. РикIкIуна лъабго тIегь къун дуца ругьун лъолин гьеб сайгъат гьабулесда, гьеб кколин гьеб сайгъат гьабулев чиясде балагьги унтиги бачIиналъе гIилла,-абун.

## Хасбулатов Хасбулат Мусаевич



Гьаб соналъул 28 июналда нагагьаб балагьалдалъун 75 сонил гIумроялда нилъедаса ватIалъана ракI лъикIав инсан, райадминистрациялъул охранаялъул хIалтIухъан Хасбулатов Хасбулат Мусаевич.

Хасбулатов Хасбулат гьавуна 1942 соналъул 4 апрелалда Унсоколо районалъул МокIсохъ росулъ. ХIалтIана районалъул гIемер батIи-батIияв хIалтIабазда. Ахирияб соналда гьев хIалтIулев вукIана райадминистрациялъул охранаялда. Хасбулат вукIана тIадаб иш намус бацIцIадго тIубазабулев, цадахъ хIалтIулезулъ хIал рекъезабулев, гIадамазулъ хIеренав инсан, гIолилазе лъикIав насихIатчиги. Гьединавлъун хутIила даимго нижер ракIазулъ гьев.

Унсоколо районалъул администрациялъул нухмалъулев ГI. НурмухIамадовас, хIалтIухъабаз, районалъул Собраниялъ гьваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго гьесул нахъе ругезда, гIагарлъиялда ракIалда гьечIеб балагьалъ гьев Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Аллагьас гьесие алжан насиб гьабун батаги, нахъе ругезе сабруги кьеги.

**Райадминистрация**
**ва районалъул Собрание.**

## Помощь бизнесу в «одном окне»

Дагестанские предприниматели могут получить помощь в интернете. В республике заработал портал Бизнес-навигатора МСП. Бесплатный интернет-ресурс для представителей малого и среднего предпринимательства, рассчитан для тех, кто хочет расширить свой действующий бизнес или открыть новый. Воспользоваться порталом могут и физические лица, которые только планируют открытие собственного бизнеса.




Как работает бизнес – навигатор?

К примеру, вы хотите открыть обувной цех. Нужно найти помещение в самой походящей части города. В системе содержится информация о 250 000 объектов федеральной, муниципальной и коммерческой недвижимости. Бизнес навигатор также поможет рассчитать бизнес-план, разместить информацию о товаре, нанять сотрудников и многое другое. Кроме того, можно купить готовый бизнес.

С помощью портала можно выбрать оптимальный вид бизнеса с учетом привязки к конкретному региону, получить информацию о конкурентах, получить информацию о кредитных продуктах для малого и среднего бизнеса, мерах государственной поддержки, участии в закупках крупнейших заказчиков с государственным участием. Доступ в систему бесплатный, для получения услуг нужно лишь зарегистрироваться на портале. Сделать это можно в любом многофункциональном центре республики. Специалист центра проконсультирует и покажет возможности бизнес-навигатора. Для регистрации через МФЦ достаточно паспорта.

Услуга по регистрации на портале Бизнес-навигатора МСП внедрена в республиканских центрах госуслуг около месяца назад. За это время МФЦ зарегистрировали в системе уже более 600 человек.

Предприниматели отмечают полезность нового ресурса: он позволяет получить разноплановую адресную информацию - не только финансовую, но и по статистике, маркетингу. Бизнес - навигатор дает объективные инструменты для принятия решения, для старта или развития бизнеса.

### Хотите открыть свое дело? Или расширить бизнес? Не знаете с чего начать? Бизнес- навигатор МСП поможет решить все проблемы.

Шаг первый – зарегистрируйся на портале Бизнес навигатора. Это можно сделать в любом многофункциональном центре республики. Для регистрации достаточно паспорта. Специалист центра проконсультирует и расскажет о возможностях бизнес-навигатора.

На портале выберите вид деятельности, подберите помещение, рассчитайте бизнес – план и узнайте о мерах государственной поддержки для вашего бизнеса. Открывайте и развивайте успешный бизнес!

Подробности по номеру: 666-999

**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ:**
**Администрация**
**Унцукульского района**

**Главный редактор**

**КЕБЕДМАГОМЕДОВА**
**САНИЯТ**
**КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**п. Шамилькала**
**ул. М. Дахадаева 3**
**Телефон редактора**
**89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**
**398940**

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 7. 7. 17 г. 18.20
фактически -19.20 мин.

Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.